DEPATMAN SÈVIS DEVLOPMANTAL
Pwogram Prevansyon Rezidansyèl DESE/DDS la
1000 Washington Street | 4yèm Etaj | Boston, MA 02118

Chè Fanmi yo,
Pwogram DESE/DDS la se yon kolaborasyon ant Depatman Edikasyon Elemantè ak Edikasyon Segondè a (DESE) ak Depatman Sèvis Devlopmantal la (DDS) pou elèv DDS ki elijib yo ki arisk pou yon plasman rezidansyèl alavni.

Pwogram nan bay elèv yo ak fanmi yo

- Chans pou genyen sipò lakay yo ki genyen ladan terapet pou nivo senyò ak fòmatè nan konpetans
- Yon ajans navigatè ki la espesyalman pou idantifye ak anboche manm pèsonèl
- Devlopman konpetans ki dire tout lavi
- Opòtinite pou pratike konpetans yo nan anviwònman lakay yo ak nan kominote yo a

Yo ofri Peryòd Enterè Ouvèt la ofri pou aktyalize lis elèv ak fanmi ki enterese yo. Pwogram DESE/DDS la prèske rive nan kapasite l; sepandan, genyen elèv ki kite pwogram nan paske yo atenn laj 22 lane oswa pou lòt rezon pandan tout ane a. Yo ajoute nouvo patisipan nan Lis Enterè a amezi espas yo vin disponib.

Se yon priyorite nan pwogram DESE/DDS la pou asire ke pwosesis pou mande patisipasyon nan Pwogram nan konplètman aksesib pou fanmi ak timoun ki kalifye pou sèvis DDS yo ki genyen divès orijin sou plan lengistik ak kiltirèl.

Materyèl ekri yo disponib nan lang sa yo:

- Arab
- Kantonè
- Kreyòl Kapvèdyen
- Anglè
- Kreyòl Ayisyen
- Khmer
- Nepali
- Pòtigè (Brezilyen)
- Chinwa Senplifye
- Somali
- Panyòl
- Vyetnamyen

Ou ka jwenn vèsyon elektwonik Fòmilè Enterè a nan lang yo ki mansyone anwo a nan: https://www.mass.gov/dese-dds-program

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis ke timoun ou an ka jwenn aksè nan yo, tanpri vizite Sant Sipò Familyal lokal ou an. Ou ka jwenn yon aktyèl lis sant yo lè ou vizite: https://www.mass.gov/dds-family-support

Kòd QR Pwogram DESE/DDS la

Kòd QR Sant Sipò Familyal la

Lè ou montre enterè nan pwogram sa pa yon garanti ke yo aksepte w oswa ke ou enskri nan pwogram nan, epi tout finansman yo ka chanje.